EUMM

# ЕВРОЦÆДИСЫ ЦÆСТДАРÆГ МИССИ ГУЫРДЗЫСТОНЫ

## 1. ЧИ СТÆМ МАХ

*Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси* (EUMM) - æнæхотых æмбæстагон цæстдарæг мисси у, кæцыйы сарæзта Евроцæдис (EU) 2008 азы 15 сентябры. Мах 200-йæ фылдæр цæстдарæг стæм Евроцæдисы алы къуымæй. Махæн нæ сæйраг офис Тбилисы ис æмæ ма нын афтæ ис æртæ быдырон офис дæр Мцхетæйы, Гуры æмæ Зугдиды. Мах иуæй-иу стæм уыцы 11 æмбæстагон CSDP мисситæй, кæцыйæн Евроцæдис къухдариуæг кæны æртæ континентыл.

## 2. БЫНДУР

Евроцæдисы æхсæныбацыдæй къухфыст 2008 азы 12 августы æхсæз-пунктон бадзырд кæрон скодта фондзбонон Уæрæсе-Гуырдзыстоны хæстæн. Фæрсты 'рдыгæй бадзырды сæххæст кæныныл цæстдарынæн Европæйы Совет 2008 азы 15 сентябры бацæттæ кодта æмбæстагон цæстдарæг миссийы арæзт. Æрмæст дыууæ къуыримæ, 1-аг октябрæн Евроцæдис æнтыстджынæй сцæттæ кодта 200-йæ фылдæр цæстдарæджы мобилизаци. Уый уыд æппæтæй цырддæр мобилизаци цæстдарджыты, кæцы Евроцæдис кæддæр искуы сæххæст кодта.

Миссийы сæйраг хæслæвæрд у Гуырдзыстоны æмæ æнæхъæнæй регионы даргъæмгъуыдон стабилондзинады хайбавæрды бахæссын. Конфликты хайадисæг фæрсты 'хсæн знагдзинады скарзы сæрæй аиуварс кæнынмæ Мисси йæ цæст дары, æмбырд кæны информаци, анализ æй кæны æмæ аразы хыгъдлæвæрды конфликтимæ бастгонд фарстатыл, иницидентыл æмæ цауты райрæзтыл Гуырдзыстоны.







## 3. МАХÆН НÆ МАНДАТ

**Стабилизаци:** мах хæссæм хайбавæрд стабилон æмæ æдасон алфæмблаймæ Гуырдзыстоны æмæ æнæхъæнæй регионмæ. Хуссар Ирыстон æмæ Абхазийы административон дихгæнæг хаххмæ'ввахс мах 24/7 (æхсæв æмæ бон) регулярон уæвынæн ис превенцион эффект: фæрстæ зонынц, цæмæй мах патрулир кæнæм æмæ гæнæн ис æвдисæн уæм кæцыфæнды уыцы архайдæн кæцыйы фæрстæ хайад исдзысты. Махæн нæ иудадзыгон уæвынад ахъаз кæны ситуацийы стабилизацийæн бынатыл æмæ рæзын кæны æдасдзинады æнкъарынады уыцы цæрджыты 'хсæн, кæцытæ конфликты фæрстæ не сты.

Уый йеддæмæ ма, махæн ис æууæнкдзинады сæндидзыны цалдæр механизм, кæцы ахъаз кæны диалогæн æмæ информацийы баивынæн конфликты фæрсты 'хсæн, куы вæййы хъæугæ фарстаты кæнæ инцидентты равзæрст.

**Нормализаци:** мах афтæ-ма æхxуыс кæнæм нормалон царды ритмы раздахын уыцы адæймæгтæн дæр, кæцытæ æппæтæй фылдæр зиан баййæфтой конфликты фæстиуæгæн. Æмбырд кæнæм информаци уыдон сæйраг барты æмæ хъæугæдзинæдты тыххæй, цахæм у бынатаивды сæрибардзинад æмæ уый æндæвдад æнæниздзинад хъахъхъæнынадыл, ахуырадыл, пенсийыл, исбоныл æмæ доныл. Мах стæй ацы информацийы адæтдзыстæм уыдонæн, кæцытæн сæ бон уыдзæн банхъарой уыдонæн хъæугæ æхxуыс.

EUMM

# ЕВРОЦÆДИСЫ ЦÆСТДАРÆГ МИССИ ГУЫРДЗЫСТОНЫ

**Æууæнкдзинады сæндидзын:** мах æххуыс кæнæм конфликты фæрсты ‘хсæн æууæнкдзинады сæндидзын кæнынæн æмæ нæ хайбавæрд хæссæм æндыгъдады фæкъаддæр кæныны æмæ превенцийы нæ иудадзыг мониторинг æмæ диалоджы амалæй, Евроцæдисы цæстдарæгон миссийы тæвд хаххы æмæ инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизмы (IPRM) æххуысæй. Миссийæн афтæ-ма ис æууæнкдзинады сæндидзыны фæрæзтæ дæр, кæцы финанс кæны чысыл проектты æмæ нысанæн æвæры диалог æмæ кæрæдзийы æмбарынады сравдз кæнын бынæттон цæрджыты ‘хсæн.

**Евроцæдисы политикæйы тыххæй информацийы ахæлиу кæнын:** æмæ фæстагмæ, нæхъулон æмæ объективон инфрмацийы бадæттынæй мах нæ хайбавæрд хæссæм Евроцæдисы æмæ Миссийы уæнг бæстæты æддагон политикæйы сæххæст кæнын Гуырдзыстоны æмæ æнæхъæнæй регионмæ. Мах афтæ-ма нæ




## 4. МАХÆН НÆ АРХАЙД

Мисси йæ хайбавæрд хæссы даргъæмгъуыдон стабилондзинады ифтонгадмæ, куыд Гуырдзыстоны афтæ сыхаг регионтæм административон дихгæнæг хæххытыл мониторинг уæвынадæй, æууæнкдзинады фидар кæныны мадзæлтты æмæ информацийы нæхъулон бакуыстæй.



**Цæстдард**

Мах патрулкæнынад æххæст кæнæм 24 сахаты, 365 бон афæдзы мидæг Миссийы æнцонæн базонæн тарцъæх патрулы машинæтæй кæнæ фистæгæй æхгæд рельефтыл.

Цæстдарджытæ нæ быдырон офисты Мцхетæйы, Гуры æмæ Зугдиды æртæ специализацигонд къордтæй сты дихтæ. *Административон арæнон хаххы цæстдарджытæ* мониторинг æххæст кæнынц административон арæнон хаххы æмæ уым æввахс территоритыл. Уыдон сæ хъус дарынц бынатаивды сæрибардзинадмæ административон арæны хæххытыл æмæ «бордеризацийы» активтæм – ахæм физикон барьерты æвæрдмæ, цахæм у сындзтелгæрæнтæ, змæлды детектортæ æмæ хъахъхъæнæн мæсгуытæ, кæцы дыууæ сепаратистон регионы хицæн кæны Гуырдзыстонæй. *Æмбæстæгты æдасдзинады патрул* йæ цæст дары адæймаджы барты уавæрмæ конфликты фæстиуæгæн зианбаййафæг цæрджыты ‘хсæн, тыхмийæ бынатаивгæ гоймæгты (лигъæтты ‘хсæн) æмæ уыдон цæрæнуæттæм. *Хыгъддæттæг патрул* йæ цæст дары уыцы бардзырдты сæххæст кæнынил, кæцытыл йæ къух æрфыста Мисси æмæ Гуырдзыстоны Хъахъхъæнынады æмæ Мидхъуыддæгты министрадтæ, афтæ-ма Гуырдзыстоны паддзахадон æдасдзинады куыстуат дæр. Ацы бадзырдтæ амалдзинад дæттынц цæстдарджытæн цæмæй уагъд цæуой спецификон бынæттæм æмæ сæ цæст æрдарой хицæнгонд æфсæддон æмæ полицæйон активтæм.




**Æууæнкдзинады фидар кæнын**

*Эргнеты инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизм*

Эргнеты инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизмы фембæлдтыты ауагъды æмæ модерацийы Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси (EUMM) æмæ Европæйы æдасдзинады æмæ æмгуыстады организаци (OSCE) æххæст кæнынц æмæ дзы хайад исынц минæвæрттæ Гуырдзыстонæй, Уæрæсейæ æмæ дэ-факто Ирыстоны хицауадтæй. Мæйы мидæг дыууæ хатты ауагъд фембæлдтытæ æнхъары гæнæндзинады фæрстæн комкоммæ сæхæдæг фембæлой кæрæдзиимæ информацийы баивынæн æмæ уыцы спецификон инциденттыл æруынаффæ кæнын æмæ сæ аскъуыддзаг кæнынæн, кæцы æндæвдад æххæст кæны Хуссар Ирыстоны административон арæнмæ ‘ввахс цæрæг цæрджытыл. Банысангонд фарстатæм гæнæн ис хауа «бордеризацийы» объектты æрывæрд, бынатаивды сæрибардзинад æмæ æрцахсты цаутæ. Банысангонд фембæлдтыты фæстиуæгæн уыди практикон æнтыстытæ – уыцы ахст гоймæгты ссæрибар кæнын, кæцытæ аграрон нысæнттæн ахызтысты административон дихгæнæг хаххæй æмæ бынæттон хъæуы цæрæг цæрджытæн æндæр нысаниуæгон фарстатæ. Банысангонд ахастытæ разындысты пайда æууæнкдзинады æмæ æмгуысткæнынады сорганизаци кæнынæн.

Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси афтæ-ма хайад исы Галы инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизмы фембæлдтыты дæр, кæцыйæн сæрдариуæг кæны ИНО æмæ сæ иу кæны Гуырдзыстоны, Уæрæсейы æмæ дэ-факто Абхазийы хицауады минæвæртты. Уыдоны нысан у æндыгъддзинады фæрог кæнын æмæ фарстаты æрбæстон кæнын Абхазийы административон арæны цурмæ ‘ввахс. Фембæлдтытæ ныртæккæ урæд сты, фæлæ гæнæн ис сног уой рæстæджы цыбыр периодмæ.

*Миссийы тæвд хахх*

Инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизмы фембæлдтытыл у афтæ-ма бастгонд Евроцæдисы Цæстдарæг Миссийы тæвд хахх дæр. Уый æндыгъдады фæкъаддæры амал у тилифонон фомæйæ: фадат дæтты фæрстæн баивой информаци 24 сахаты дæргъы, къуырийы авд бон, кæцыфæнды уыцы инцидентыл, кæцымæ хъæуы æвæстиатæй хъусдарды. Евроцæдисы Цæстдарæг Миссийы тæвд хахх у коммуникацийы централон хай алы фарсы ‘хсæн: Тæвд хахх исы алы дзæнгæрæджы æмæ стæй хъусинæгты æрвиты алы фарсæн. Тæвд хаххыл æркастгонд фарстатæм хауы фарстаты уæрæх къорд, ахæмтæ цахæм у: æууæнкдзинады арæзтад, информацийы ивын ахстытыл, ирригацион фарстатæ, бынатаивд медицинон хъæугæдзинæдтæн æмæ а.д. Тæвд хахх разынд иттæг пайда хайадисджытæн иумæйаг æмбарынады скæнынæн, ахæм фарстатыл цахæм у инциденттыл реагиркæнынад æмæ æндыгъдады фæкъаддæр кæнын. Тæвд хахх активон у 2,500 хатты бæрц афæдзы мидæг.



*Женевæйы æхсæнадæмон дискусситæ*

Женевæйы æхсæнадæмон дискусситæ (GID) райдыдта Женевæйы, Швейцарийы, 2008 азы октябры мæйы. Дискусситæ уагъд цæуы афæдзы мидæг цыппар хатты æмæ æмсæрдары æвдисы Евроцæдис (EU) æмæ Европæйы æдасдзинады æмæ æмгуыстады организаци (OSCE) æмæ ИНО UN, хайад дзы исынц конфликты хайадисæг фæрстæ æмæ Америкæйы Иугонд Штаттæ (АИШ).

Кæд инцидентты превенцийы æмæ сыл реагирады механизм æвдисы бынатыл практикон проблемæты æрбæстон кæныны амалы конфликты уæлархайды бын уæвæг цæрджытæн, уæд Женевæйы æхсæнадæмон дискусситæ сты иунæг-иу æхсæнадæмонæй нымадгонд политикон формат, цыран Гуырдзыстоны конфликты æрбæстон кæныны амæлттæ æркаст цæуынц. Женевæйы æхсæнадæмон дискусситы Евроцæдисы цæстдарæгон миссийы роль у æмсæрдарты регулярон информир кæнын бынатыл цауты райрæзты фæдыл, афтæ-ма фæрсты информир кæнын дæр фæстаг информацийы æдасдзинады тыххæй дискусситы алкæцы раунды размæ.



**Евроцæдисы политикæйы тыххæй информаци**

Евроцæдисы мониторинджы мисси арæзт æрцыд, куыд бæлвырд информацийы сæйраг равзæрæн Евроцæдисы структурæты æмæ уæнг бæстæтæн, афтæ-ма уыцы уæрæх æхсæнадæмон æхсæнадæн дæр, кæцы цымыдисгонд у Гуырдзыстоны æдасдзинады ситуацийæ. Ахæм цауты, информаци лæвæрд цæуы æмбæлон бынæттон, национ æмæ æхсæнадæмон органтæн, кæцытæ дзуаппдæттæг сты æмбæлон æххуысы бакæныныл. Æмæ фæстагмæ, нæ хыгъдлæвæрдтæ фадат дæттынц Евроцæдисæн æмæ уый уæнг бæстæтæн бакусой хуыздæр политикæ Гуырдзыстонимæ æмæ æнæхъæнæй регионы тыххæй. Мах æрвылхатт пайда кæнæм «Архайды нæхъулондзинады» принципы – хыгъдæттæг хъуамæ уа фактытыл бындурæвæрд æмæ объективон.

## 5. ÆНТЫСТЫТÆ ÆМÆ ПРОБЛЕМÆТÆ

Мисси алыхатт дæр йæ цæст дары æмæ æххæст кæны хыгъдæттыны æмæ цæттæ у цырдæй сæххæст кæна реагирад къорды бацыдæй æмæ коммуникацийы амалæй, кæцы хъазы нысаниуæгон ролы административон арæнты цурмæ ‘ввахс æдасдзинады уавæрты динамикæйыл. Кæд инцидентæ уæд арæх уыд комкоммæ конфликты фæстæ периоды, уæд ныртæккæ уавæр стабилон у, иницидентты ныллæг рискимæ.

Æниу, абаргæ стабилондзинад фиксиргонд æрцыд конфликтæй æппæты фылдæр зианбаййафæг цæрджыты рæзгæ проблемæты фоныл – сæрмагондæй уыцы сылгоймæгты, нæлгоймæгты æмæ сабиты рдæм, кæцытæ цæрынц административон арæнтæм ‘ввахс. Цæугæ «бордеризацийы» активтæ æппæрццаг æндæвдад æвдисынц бынатаивды сæрибардзинадыл, уыдоны гæнæндзинадыл бавæрой социалон контактты, бахъахъхъæной сæ исады барты, уа сын аккаг æфтиаг æмæ сабиты бартыл ахуырад райсой мадæлон æвзагыл.

Нæ мандаты фæлгæтты, сæйраг проблемæйæ зайы махæн арæнгонд гæнæндзинад цæстдард сæххæст кæнæм Абхазийы æмæ Ирыстоны сепаратистон регионты. Куыддæр райдыдтам афтæ нæй загътой махæн Гуырдзыстоны æппæт территорийы аххæсыныл, нæгæсгæ уымæ, æмæ махæн нæ мандат Гуырдзыстоны æппæт территорийы æмбæрзы. Æнæхъæн территорийы æнцонвадаты къухыфтгæдзинад та сырæзын кодтаид ирддзинады, æмæ фæкъаддæр кодтаид дестабилизацигæнæг инцидентты фæзынды рискы.

Мах ныфс ис, цæмæй иу бон конфликты даргъæмгъуыдæн кæрон æрцæудзæн æмæ нал уыдзæн бынатыл мах æнгæс миссийы уæвыны хъæугæдзинад. Уæдмæ та, уал Мисси адарддæр кæндзæн патрулир кæнын боны æмæ æхсæвы, хайбавæрд бахæсдзæн регионы стабилондзинады сфидар кæныны хъуыддаджы.

www.eumm.eu

@eummgeorgia